# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–22 अक्टूबर 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेश भर में आजु गोवर्धन पूजा आ अन्नकूट महोत्सव मनावल जा रहल बा। येह मौका पर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ भिन्नही गोरखनाथ मंदिर में गो सेवा कइ के पूजा अर्चना कइलीं। परब क बधाई देत मुख्यमंत्री कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के अगुवाई में प्रदेस सरकार गोवंश के संरक्षण अउरि संवर्धन बदे कई गो अभिनव कार्यक्रम चला रहलि है। उहां के कहलीं प्रदेस में खाली गोपूजने नाही हो रहल हौ, बलुक गोवंश के संरक्षण आ संवर्धनो खातिर योजना चलावल जा रहल हईं।

गोवर्धन पूजा आ अन्नकूट महोत्सव के मौका पर प्रदेस के अलगि–अलगि हिस्सन में तरह–तरह क आयोजन कइल गइल। एगो रिपोर्ट–

***वाराणसी में अन्न की देवी माता अन्नपूर्णा के दरबार में अन्नकूट के अवसर पर छप्पन व्यंजन का भोग लगाकर भव्य आरती की गई। वहां श्री काशी विश्वनाथ धाम में भी अन्नकूट पर्व पर भगवान श्री विश्वेश्वर महादेव का श्रृंगार इक्कीस क्विंटल विविध प्रकार के मिष्ठानों से किया गया। अयोध्या में सरयू तट स्थित यमथरा घाट पर परंपरागत रूप से श्रद्धालुओं ने स्नान कर यमराज की पूजा–अर्चना की। मथुरा सहित पूरे ब्रजमंडल में गोवर्धन पूजा की गई। इस अवसर पर वृंदावन के श्री कृष्ण बलराम इस्कॉन मंदिर में गोवर्धन पूजा और अन्नकूट महोत्सव का भव्य आयोजन किया गया। लखनऊ में गोवर्धन पूजा और पारम्परिक जमघट का आयोजन किया गया। प्रदेश के उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक ने जमघट पर्व पर पतंग बाजी में हिस्सा लिया। उन्होंने कहा कि पतंग बाजी बहुत ही पुराना खेल है और यह एक ऐतिहासिक विरासत है। प्रेम चन्द्र गुप्ता, आकाशवाणी समाचार गोरखपुर।***

**********

परब आ तिउहारन बदे जतरा के आसान बनावे खातिर भारतीय रेलवे बारह हजार से बेसि खास रेल गड़ियन क संचालन कइ रहल हौ। येही क्रम में पूर्वोत्तर रेलवे के अलगि–अलगि मंडलन से होके दिल्ली, मुम्बई, पुणे, कोलकाता आ अहमदाबाद जइसन कई प्रमुख सहरन खातिर करीबि एक सौ छियासी खास ट्रेन चलावल जा रहल हईं। पूर्वोत्तर रेलवे क महाप्रबंधक उदय बोरवणकर आजु गोरखपुर में ई जनकारी दिहलें। उहां के बतउलिन कि तिउहारन के मौका पर गोरखपुर रेलवे स्टेसन से होके ओनसठ खास रेलगाड़ी चलावल जा रहल हईं। उहां के कहलीं कि पलेटफारम पर भीड़ के काबू करे, नजर रखले आ सुरक्षा बदे भी पुरहर इंतिजामि कइल गइल बा।

**गोरखपुर स्टेशन में पांच होल्डिंग एरिया बनाए हैं, जिसमें लगभग दो हजार यात्रियों को हम एक समय में होल्ड कर सकते हैं और इसी तरह से छपरा और बनारस स्टेशनों पर भी होल्डिंग एरियाज बनाए हैं। इसके अलावा हमने वार रूम्स बनाए हैं, जहां सारा सीसीटीवी का फीड भी हमलोगों को प्राप्त हो रहा है।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नही गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर परिसर में भइल जनता दर्शन कार्यक्रम में करीबि तीन सौ लोगिन क समेस्या सुनलीं। येह दौरान मुख्यमंत्री अधिकरियन के निर्देस दिहलीं कि ऊ जनता के समेस्यन पर जुरते संवेदनशीलता देखावें। उहां के अधिकरियन से कहलीं कि ऊ लोगिन के समेस्या से जुड़लि सिकाइतिन पर तेजि से कार्रवाई करत गुणवत्तापूर्ण आ संतुष्टिपरक समाधान सुनिश्चित करावें।

**********

वस्तु अउरि सेवा कर जीएसटी बचत उत्सव क लाभ समाज के सज्जो वरग ले पहुंचि रहल बा। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह उत्सव क घोषणा करत बाईस सितंबर से एकर सुरुआत कइले रहलें। एगो रिपोर्ट–

***नया जीएसटी सुधारन के तहत सरकार मानव निर्मित रेसन पर जीएसटी अठारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दिहले हौ। मानव निर्मित धागन पर कर क दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कई दिहल गईल बा। ओहीं अढाई हजार रुपया प्रति पिस तक के रेडीमेड कपड़न पर अब पांच फीसदी कर लागत बा, जवन पहिले बारह फीसदी रहे। सरकार अढाई हजार रुपया प्रति पिस तक के जूतन पर भी कर कै दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कई दिहले हौ। आकाशवाणी नई दिल्ली से शिवांग मिश्रा के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

अकादमिक जगत अउर ससस्त्र बलन के बिच्चे तालमेल के बढ़ावा दिहले के दिसा में बनारस जिला में एगो खास पहल भइल हौ। ओइजा भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान–बीएचयू आ ओन्तालीस गोरखा ट्रेनिंग सेंटर के बिच्चे पारस्परिक सहजोग, ज्ञान आदान–प्रदान अउर राष्ट्रीय महत्व के संयुक्त पहलन के प्रोत्साहित करे बदे एगो समझौता ज्ञापन–एमओयू पर दस्खति कइल गइल। हमरे बनारस प्रतिनिधि बतवलें कि एमओयू के तहत प्रस्तावित ज्ञान आदान–प्रदान से देस के स्वदेसी क्षमता के मजबूत भइले में मददि आ आत्मनिरभर भारत के विजन के गति मिलले क सम्भावना जतावल जा रहल बा।

**********

उत्तराखंड के उत्तरकाशी के गंगोत्री धाम क कपाट अन्नकूट तिउहार पर विधि–विधान के साथे आजु से सीतकाल बदे बन्न कइ दीहल गइल। येह बरिस साढ़े सात लाख से बेसी सरधालु गंगोत्री धाम क दरसन कइले हवें।

**********